



## KONSÈY NASYONAL MANGO PWOPOZISYON POU PREMYE MANITANSYONÈ

7 Janvyè 2022

Konsèy Nasyonal Mango (National Mango Board, NMB) ap chèche jwenn pwopozisyon kandida pou mete yon (1) manm nan pozisyon pou Premye Manitansyonè k ap gen manda k ap kòmanse imedyatman.

Pou kalifye kòm yon premye manitansyonè, kandida yo dwe:

- (Sof yon konpayi komen oswa konpayi kontra Ap resevwa 500,000 liv mango oswa plis nan men pwodiktè yo nan yon ane almannak epi ki kòm pwopriyetè, ajan, oswa ekspedye oswa fasilite moun ekspedye mango jan sa endike nan Lòd la. Definisyon sa a gen ladan moun ki angaje nan biznis achte, vann ak/oswa pou vann: resevwa, anbale, fè maketing; oswa distribye mango an kantite komèsyal. Tèm premye manitansyonè gen ladan yon pwodiktè ki manipile oswa vann mango ki soti nan pwòp pwodiksyon pwodiktè a. (7 CFR §1206.6)

Kòm yon Premye Manitansyonè, pou kalifye pou deziyen tèt ou oswa yon lòt moun pou pozisyon lib la. Si ou enterese sèvi nan pozisyon an, tanpri ranpli epi retounen fòm Pwopozisyon ak Deklarasyon Kalifikasyon ak Angajman an. Pou pwopoze yon lòt moun, w ap bezwen jwenn yon fòm Deklarasyon pou Kalifikasyon ak Angajman lòt moun nan ki sètifye moun nan satisfè kondisyon yo pou kalifye, li vle pou ou pwopoze li, epi si moun nan jwenn nominasyon an, li vle sèvi nan Konsèy la.

Depi nou idantifye premye manitansyonè ki kalifye yo, n ap voye yon bilten vòt pa lapòs ba tout premye manitansyonè kalifye yo pou yo vote pou de (2) kandida nou dwe prezante ba Sekretè Agrikilti (Sekretè a) pou seleksyon. Answit Sekretè pral deziyen yon Premye Manitansyonè pou sèvi nan Konsèy la.

NMB dwe resevwa pwopozisyon ou anvan 5:00p.m. Zòn Lè Lès **vandredi k ap 25 Fevriye 2022**. Pou telechaje gwoup dokiman sa atanpri ale sou sitwèb <http://www.mango.org/en/nominations>

### Prezantasyon Pwopozisyon ba NMB

Ou dwe imèl, fakse, oswa voye fòm pwopozisyon ki ranpli yo pa lapòs ba NMB. **NMB ap aksepte fòm orijinal ki gen enfòmasyon jeneral yo sèlman.** Nou p ap aksepte dokiman ki pa konplè oswa ki pa siyen. Si ou gen nenpòt kesyon konsènan pwosesis sa a, kontakte Gabi Ward, Manadjè Operasyon NMB.

### Voye dokiman yo pa lapòs ba:

Konsèy Nasyonal Mango  
Attn: Gabi Ward  
3319 Maguire Blvd, Suite 129  
Orlando, FL 32803

telefòn: (407) 629-7318, Ekstansyon 112  
Telefòn selilè: (407) 779-5021  
Faks: (407) 629-7593  
Imèl: [Nominations@mango.org](mailto:Nominations@mango.org)

## KONSÈY NASYONAL MANGO

## PWOPOZISYON KANDIDA POU SÈVI NAN KONSÈY NASYONAL MANGO

(Anba Lòd pou Pwomosyon Mango, Rechèch ak Enfòmasyon (7 Pati 1206 CFR))

Lòd pou Pwomosyon Mango, Rechèch ak Enfòmasyon prevwa pou enpòtate yo, premye manitansyonè yo pwodikètè lokal yo ak òganizasyon pwodikètè peyi etranje ka prezante kandida pou sèvi man Konsèy Nasyonal Mango. Enstitisyon ki endike anba yo ka prezante kandida pou premye manitansyonè ak pwodikètè lokal yo; enpòtate yo ka prezante kandida pou rejyon ki konsène yo; epi òganizasyon pwodikètè peyi etranje kalifye yo ka prezante kandida pou pozisyon pwodikètè peyi etranje.

Tache yon fèy apa si ou bezwen plis espas. Tanpri prezante yon fòm apa pou chak kandida.

NON, ADRÈS BIZNIS, AK NIMEWO TELEFÒN KANDIDA A

## FÈ YON TI KWA NAN YOUN

## ( ) PWODIKTÈ LOKAL

**Pwodiktè Lokal** vle di nenpòt moun ki angaje nan pwodiksyon ak lavant mango nan Etazini epi ki posede, oswa pataje Posesyon ak risk pèt danre oswa yon moun ki angaje nan biznis pwodiksyon mango, oswa ki fasilite pwodiksyon mango san fanmi li pa itilize pwodiksyon an epi ki gen valè nan premye pwen lavant lan.

## ( ) PREMYE MANITANSYONÈ

**Premye Manitansyonè** vle di nenpòt moun, (sof yon konpayi oswa kontra komen), ki resevwa 500,000 liv mango lokal oswa plis nan men pwodikètè yo nan yon ane almannak epi Ki se yon pwopriyete, ajan, oswa bato oswa ki fasilite ekspedisyon mango lokal fèt Jan sa endike nan Lòd la. Definisyon sa a gen ladan moun ki angaje nan Biznis pou achte, vann epi/oswa ofri pou vann, resevwa; anbale; Klase, fè maketing; oswa distribye mango lokal an kantite komèsyal. Tèm premye manitansyonè gen ladan yon pwodikètè ki manipile oswa k ap vann mango lokal Ki soti nan pwòp pwodiksyon pwodikètè a.

## ( ) ENPÒTATÈ

**Enpòtate** vle di nenpòt moun ki enpòte 500,000 liv mango oswa plis nan Etazini nan yon ane almannak kòm yon prensipal, oswa kòm yon ajan, koutye, oswa resepsyonè nenpòt moun ki pwodui oswa manipile mango deyò Etazini pou vann nan Etazini epi ki endike nan lis kòm enpòtate Dosye pou kalite mango yo.

## ( ) PWODIKTÈ PEYI ETRANJE

**Pwodiktè Peyi Etranje** vle di nenpòt moun:

- ki angaje nan pwodiksyon ak lavant mango deyò Etazini epi ki posede aksyon ak risk pèt danre pou lavant nan mache Etazini; oswa
- ki angaje, deyò Etazini, nan biznis pwodiksyon, oswa fasilite gen pwodiksyon mango san pwòp fanmi yo pa itilize ni gen valè nan premye pwen lavant lan.

NON AK ADRÈS POSTAL MOUN NAN OSWA ÒGANIZASYON KALIFYE KI PREZANTE PWOPOZISYON AN

NON OFISYÈL KI REPONN NAN (EKRI AN LÈT DETACHE)

SIYATI

TIT OFISYÈL KI REPONN NAN (EKRI AN LÈT DETACHE)

DAT LA:

RETOUNEN ORIJINAL LA BA: KONSÈY NASYONAL MANGO

3319 Maguire Blvd. Ste. 129

Orlando, Fl. 32803

Telefòn Nimewo (407) 629-7318

## DEKLARASYON KONSÈNAN DIVÈSITE

Konsèy Nasyonal Mango (NMB) bay ankourajman pou manm yo ki nan endistri a san konsidere ras yo, koulè yo, peyi kote yo fèt, sèks yo, relijyon yo, laj yo, andikap yo, konviksyon politik yo, preferans seksyèl yo, gwosè biznis/operasyon yo epi eta sivil oswa sitiyaasyon fanmi yo oswa lòt baz ki pwoteje anba lwa Etazini nan aktivite NMB epi k ap chèche jwenn yon pozisyon nan NMB.

Dapre Lwa 1995 sou Rediksyon Dokiman, yon ajans pa ka fè, oswa peye pou egzije moun pou bay repons pou yon seri enfòmasyon, sof si seri enfòmasyon yo montre yon nimewo kontwòl OMB ki valab. Nimewo kontwòl OMB ki valab pou koleksyon enfòmasyon sa yo se 0581-0093. Tan ki nesesè pou bay repons pou seri enfòmasyon sa yo estime anmwayèn a 15 minit pou chak repons, ansanm avèk tan pou revize enstriksyon yo, pou chèche sous done ki la deja, pou rasanble ak konsève done ki nesesè yo, epitou pou ranpli ak revize seri enfòmasyon yo.

Annakò avèk lwa federal konsènan dwa sivil ak règleman ak politik Depatman Agrikilti Etazini (USDA) konsènan dwa sivil, USDA, Ajans li yo, biwo li yo, ak anplwaye li yo, ak enstitisyon k ap patisipe nan pwogram USDA yo oswa k ap administre pwogram yo gen entèdiksyon pou pratike diskriminasyon ki baze sou ras, koulè, peyi kote moun fèt, relijyon, sèks, idantite seksyèl (tankou ekspresyon seksyèl), preferans seksyèl, andikap, laj, eta sivil, sitiyaasyon fanmi/paran, revni ki soti nan pwogram asistans piblik, konviksyon politik, oswa vanjans nan aktivite dwa sivil USDA fè oswa finanse (se pa tout baz ki aplike pou tout pwogram yo). Dat limit pou jwenn solisyon ak plent pou depoze pa menm selon pwogram nan oswa ensidan an.

Moun andikape ki bezwen lòt kalite mwayen kominikasyon pou jwenn enfòmasyon sou pwogram nan (egzanp, Bray, gwo lèt, kasèt-odyo, Langaj Siy Ameriken, elatriye) ta dwe kontakte Ajans responsab la oswa TARGET Center USDA nan nimewo (202) 720-2600 (pou pale ak TTY) nan Sèvis Relè Federal nan nimewo (800) 877-8339. Answit, nou ka mete enfòmasyon sou pwogram nan disponib nan lang ki pa Anglè.

Pou depoze yon plent pou diskriminasyon nan pwogram nan, ranpli Fòm Plent Pwogram USDA pou Diskriminasyon, AD-3027, ki disponib sou sitwèb [http://www.ascr.usda.gov/complaint\\_filing\\_cust.html](http://www.ascr.usda.gov/complaint_filing_cust.html) ak nan nenpòt biwo USDA oswa ekri yon lèt ki adrese ba USDA epi nan lèt la bay tout enfòmasyon nou mande ou nan fòm nan. Pou mande yon kopi fòm plent lan, rele nimewo (866)632-9992. Prezante fòm ou ranpli a oswa lèt ou ekri a ba USDA konsa: 1) pa lapòs U.S. Department of Agriculture Office of the Assistant Secretary for Civil Rights, 1400 Independence Avenue, SW., Washington, D.C. 20250-9410; 2) faks: (202) 202- 690; 7442) imèl: [program.intake@usda.gov](mailto:program.intake@usda.gov).

USDA se yon founisè ak patwon ki ofri opòtinite egalego pou tout moun.



## DEKLARASYON POU KALIFIKASYON AK ANGAJMAN

Mwen konfime mwen se yon enpòtatè mango nan Etazini epi mwen te enpòte 500,000 liv mango fre oswa plis nan ane almannak anvan an. Mwen vle pou yo pwopoze non mwen, epi si mwen jwenn nominasyon an, mwen vle sèvi nan Konsèy Nasyonal Mango a (NMB).

Si mwen jwenn nominasyon kòm yon manm konsèy la nan NMB, mwen rekonèt yo mande mwen pou mwen patisipe nan apeprè twa (3) reyinyon chak ane ak twa (3) reyinyon komite, swa fas-a-fas oswa nan konferans vityèl pou chak komite. Mwen konprann règleman NMB se pou bay manm konsèy la ranbousman lajan pou depans vwayaj yo kwè ki se depans ki rezonab ak nesèsè pou biznis la.

***(Tanpri tape oswa ekri an lèt detache)***

Non Konpayi a /Biznis la: \_\_\_\_\_

Non Kandida a: \_\_\_\_\_

Tit: \_\_\_\_\_

Adrès Postal \_\_\_\_\_

Vil: \_\_\_\_\_ Eta: \_\_\_\_\_ Kòd Postal: \_\_\_\_\_

Nimewo Telefòn Biznis: \_\_\_\_\_ Fak: \_\_\_\_\_

Nimewo Telefòn Selilè: \_\_\_\_\_

Imèl: \_\_\_\_\_

Dat la: \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_  
Siyati:



Tanpri tape oswa ekri an lèt detache pou di pou kisa ou aplike pou pozisyon lib sa a nan Konsèy Nasyonal Mango a (Konsèy la) Sonje pou mete fòmasyon jeneral ak eksperyans ou. Sonje, nou pral re-enprime nenpòt enfòmasyon ou bay epi n ap distribye yo ansanm avèk bilten final la pou elektè yo revize. Si ou bay enfòmasyon sa yo, ou bay konsantman ou pou nou pibliye yo avèk bilten final la.

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

**Konsèy Nasyonal Mango bay ankourajman pou manm yo ki nan endistri a san konsiderasyon ras yo koulè yo, peyi kote yo fèt, sèks yo, laj yo, andikap yo, enfòmasyon jenetik pwoteje yo, oswa vanjans.**



## KESYON MOUN POZE SOUVAN SOU PWOPZISYON YO

### 1. Ki dat limit pou prezante pwopozisyon yo?

Nou dwe resevwa pwopozisyon yo nan biwo NMB anvan dat **25 Febriye 2022 a 5:00pm**. Nou p ap aksepte prezantasyon ki anreta yo.

### 2. Ki pozisyon ki disponib pou pwopozisyon yo nan moman an?

Men pozisyon ki disponib yo:


- Pwodiktè Peyi Etranje: 3
- Enpòtatè (Distri III): 2
- Enpòtatè (Distri IV): 1
- Premye Manitansyonè: 1

Pou jwenn dokiman pwopozisyon yo ale sou sitwèb:

<http://www.mango.org/en/nominations>

### 3. Ki zòn ki gen ladan Distri Enpòtatè NMB?

Zòn sa yo reprezante Distri Ladwàn Etazini.



### 4. Kijan pwosesis la fèt pou pwodiktè lokal yo, premye manitansyonè yo ak enpòtatè yo?

- Ekip NMB pral voye dokiman pwopozisyon yo ba manm endistri a.
- Apre ekip NMB resevwa pwopozisyon yo nan men manm endistri a, y ap voye bilten vòt yo pa lapòs oswa nan imèl ba enpòtatè yo ak premye manitansyonè ki bay lis kandida yo nan lòd lèt alfabè.
- Pou chak pozisyon nou pral prezante ba Sekretè Agrikilti kandida ki resevwa pi gwo kantite vòt yo ak kandida ki resevwa dezyèm pi gwo kantite vòt yo nan lòd sa a, (sètadi nan dènye pwopozisyon yo, kat non pou enpòtatè nan Distri III ak de non pou enpòtatè nan Distri III).
- Ekip NMB pral voye fòm enfòmasyon jeneral yo ba moun yo pwopoze yo.



- Ekip NMB pral prezante kantite vòt yo ak fòm enfòmasyon jeneral yo ba Sekretè a pou chak kandida
- Sou de non kandida yo prezante pou chak pozisyon, Sekretè a ap lonmen youn pou vin manm NMB, (sètadi nan dènye pwopozisyon yo, Sekretè ap lonmen de enpòtatè pou Distri III ak yon enpòtatè pou Distri IV).

**5. Kimoun ki kalifye pou yo lonmen oswa pou vote pou pwodiktè lokal, premye manitansyonè, ak enpòtatè?**

*Tout pwodiktè lokal nou konnen ki kalifye, premye manitansyonè ak enpòtatè (ki pwodui oswa enpòte nan dosye 500,000 liv oswa plis mango fre nan Etazini nan dènye ane almannak la. Endike Pwomosyon Mango a, Lòd Rechèch ak Enfòmasyon pou jwenn plis enfòmasyon.*

**6. Èske yon konpayi ki gen lokal biwo nan diferan Distri kapab prezante kandida pou chak nan Distri yo?**

*Wi.*

**7. Èske yon konpayi ki gen yon lokal biwo nan yon distri sèlman kapab prezante plis pase yon kandida?**

*Wi.*

**8. Nan ka a, yon manm endistri a ap fè anpil travay, pa egzanp, pwodiktè lokal, premye manitansyonè ak enpòtatè, èske manm endistri sa a kapab kandida pou tout twa (3) kategori yo?**

*Wi, manm lan kapab pwopoze tèt li epi/oswa kamarad li yo kapab pwopoze li pou tout twa (3) kategori yo. Kandida a dwe satisfè kalifikasyon pou chak pozisyon yo pwopoze li. Men, si yo chwazi kandida a nan de (2) pozisyon prensipal yo, l ap bezwen chwazi nan ki pozisyon yo ta dwe voye li ba Sekretè Agrikilti Etazini pou revizyon.*

**9. Kijan vòt pou pwodiktè lokal, premye manitansyonè pral fèt?**

*Vòt la pral fèt nan imèl oswa pa lapòs*

**10. Èske yon konpayi ki gen lokal biwo nan diferan Distri kapab vote nan chak distri?**

*Wi. Pa egzanp, si yon konpayi ap opere nan Distri I ak Distri II, konpayi a ka lage bilten vòt pou Distri I ak Distri II.*

**11. Kijan pwosesis la ap fèt pou pwodiktè peyi etranje yo?**

- Se yon Òganizasyon Mango Peyi Etranje (Foreign Mango Organization, FMO) ki ta dwe pwopoze pwodiktè peyi etranje yo oswa pwodiktè yo kapab pwopoze tèt yo.
- Ekip NMB pral mande non kandida ki soti nan FMO sis (6) peyi gwo pwodiktè mango epi ki ekspòte nan Etazini.
- FMO chak peyi ka prezante non kandida yo pou chak pozisyon.
- Ekip NMB pral voye yon nòt pou laprès ba FMO yo pou mande yo pou voye nòt la ba medya yo.
- Ekip NMB pral prezante non tout kandida yo ba Sekretè Agrikilti a.
- Pami kandida ekip la prezante yo, Sekretè a pral lonmen twa (3) manm NMB.

**12. Kisa ou vle di lè ou poze kesyon “èske ou se yon lòbiyis ki anrejistre sou plan federal?” (kesyon 8a. Nan fòm enfòmasyon jeneral la)**



- Tanpri konfime si ou se yon lòbiyis ki anrejistre sou plan federal nan Etazini.

#### **DEKLARASYON KONSÈNAN DIVÈSITE**

Konsèy Nasyonal Mango bay ankourajman pou manm yo ki nan endistri a san konsiderasyon ras yo koulè yo, peyi kote yo fèt, sèks yo, laj yo, andikap yo, enfòmasyon jenetik pwoteje yo, oswa vanjans.

Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou sitwèb USDA konsènan enpòtans Divèsite sou Konsèy Pwomosyon ak Rechèch





## WÒL AK RESPONSABLITE MANM KONSÈY NASYONAL MANGO

1. Konprann epi respekte Lwa 1996 konsènan Pwomosyon Komodite, Rechèch, ak Enfòmasyon, Pwomosyon Mango, Rechèch ak Lòd Enfòmasyon (Lòd) règ ak règleman, ak gid USDA.
  2. Montre yo gen devouman pou misyon, bi ak objektif Konsèy Nasyonal Mango (NMB).  
Reprezante manm yo ki nan endistri mango a.
    - a. Aji kòm anbasadè pou NMB
      - i. Pale sou non NMB
      - ii. Reprezante NMB pou kamarad yo
  3. Sèvi endistri a san paspouki, pou pran desizyon yo dapre byennèt endistri a kòm yon ansanm alapas konsiderasyon pèsònèl oswa konsiderasyon komèsyal. Pou asire gen tretman san paspouki ak egalego tout kamarad endistri a nan pwomosyon mache a ak pwogram rechèch yo.
  4. Patisipe regilyèman man reyinyon NMB yo epi vini prepare pou diskite sou pwoblèm ki dwe rezoud yo ak sou biznis yo.
  5. Chwazi fonksyonè yo, komite yo ak sou-komite yo pou NMB nan kòmansman chak peryòd fiskal oswa nan lòt moman apwopriye.
  6. Lonmen yon komite egzekitif epi delege otorizasyon pou administre responsablite yo anba enstwiksyon NMB epitou nan limit règleman NMB.
  7. Kreye règleman NMB, règleman entèn ak pwosedi pou USDA apwouve pou NMB aplike, epitou rekòmande amannman nan règ ak règleman yo anba Lòd la, jan li nesèsè.
  8. Asire ekip la konfòme yo avèk Lwa a, Lòd la, règ ak règleman yo, règleman entèn yo, règleman ak pwosedi NMB, ak règleman USDA.
  9. Kreye pwogram ak pwojè pou egzekite misyon NMB (itilize yon plan maketing ane fiskal) epitou voye yo ba USDA pou apwobasyon anvan egzekisyon. Pran kontak oswa fè akò pou kreye ak egzekite pwogram ak pwojè apwouve yo. Chèche jwenn apwobasyon anvan egzekisyon kontra yo ak akò yo.
  10. Demontre responsablite fiskal depi yo fè sa ki endike anba a: rekòmande yon ritm evalyasyon, prepare bidjè fiskal yo; modifiye bidjè yo jan li nesèsè, fikse yon rezèv; asire ekip la prezante rapò finansye ak dosye egzat aksyon ak tranzaksyon NMB chak mwa; asire gen odit ki fè t nan granliv Konsèy la chak ane fiskal; epi evalye efikasite tout pwogram yo ak pwojè yo pou asire jesyon rezonab lajan endistri a.
- HT
11. Asire ekip[ la aplike Lwa a ak Lòd la yon fason ki efikas ak apwopriye; asire gen idantifikasyon, ankèt/odit ki fèt sou vyolatè yo epi dokiman konplè ka yo ak yon referans apwopriye ka konfòmite yo ba USDA.



12. Bay asistans nan jwenn kandida kalifye ki pou vin manm nan NMB.
13. Fè pwomosyon pou gen inite nan endistri a. Bay konsèy pou endistri a sou misyon, bi objektif, pwojè ak pwogram NMB. Sipòte pwogram, pwojè ak aksyon NMB deyò reyinyon li yo.
14. Antreteni estanda siperyè konduit pèsònèl ak pwofesyonèl lè y ap reprezante NMB. Evite konfli enterè ak aparans konfli enterè.
15. Pran desizyon pou bon ak tout endistri a.